



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, LIDÈ MAJORITE A SCHUMER, AK SENATÈ GILLIBRAND  
ANONSE APWOBASYON KÒ ENJENYÈ LAME AMERIKEN NAN KAD  
REPARASYON IJANS NAN LÈS FIRE ISLAND**

***Kò Lame a apwouve demann New York pou detèminasyon "Tanpèt Ekstrèm"***

***3.5 milyon dola pou avanse enjenyeri ak konsepsyon pwojè a***

Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles Schumer, ak Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand anonse jodi a apwobasyon fon federal Kò Enjenyè Lame Ameriken (U.S. Army Corps of Engineers, USACE) an pou fè reparasyon enpòtan nan yon pwojè kotyè ki andomaje nan Fire Island nan Konte Suffolk apre yon seri tanpèt ki devaste kòt yo. Kò Enjenyè Lame Ameriken an te dekese 3.5 milyon dola nan Biwo Distri New York li a pou akselere enjenyeri ak konsepsyon pwojè a. Pou avanse ak reparasyon yo, Distri New York la ap antreprann yon sondaj detaye sou kondisyon topografik ki egziste deja yo, enfòmasyon ki esansyèl nan enjenyeri ak konsepsyon pwojè a. Eta New York te deja atribye 3 milyon dola nan Konte Suffolk pou yon pwojè pwovizwa pou redwi imedyatman risk pou kominote Fire Island ki pi vilnerab yo; pwojè pwovizwa a prèske fini.

"Mwen pral fè tout sa mwen kapab pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, espesyalman kominote ki pi vilnerab fas ak move tan yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak tanpèt ki rive pi souvan ak yon fason ekstrèm, New York ap travay di pou pwoteje kominote nou yo, kay ak enfrastrikti nou yo. Mwen rekonesan anvè Kò Enjenyè Lame Ameriken an pou repons rapid li bay nan kad demann pou reparasyon ijans nou an."

**Kòmandan Distri New York la, nan Kò Enjenyè Lame Ameriken an, Kolonèl Alex Young, te deklare,** "USACE kontan pou l pran pwochen etap la nan pwosesis la lè l kòmanse faz enjenyeri ak konsepsyon konsènan reparasyon bò lanmè an ijans nan ekstremite lès Fire Island. "Mwen ta renmen remèsye Senatè Schumer ak Gillibrand, ansanm ak Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, pou sipò kontinyèl yo."

**Lidè Majorite Sena Ameriken an, Chuck Schumer, te deklare,** "Dènyèman, mwen te chita ak Kolonèl Alexander Young, kòmandan distri Kò Lame NY la, pou plede an favè

pou investisman 3.5 milyon dola ki nesèsè jodi a nan èd dirèk pou kominote ak litoral Fire Island lan ki te frape anpil nan dènye tanpèt yo. Retabli din yo nan Fire Island enpòtan non sèlman pou pwoteje kominote li yo, men pou asire entegrite zile a, yon baryè ki pwoteje South Shore ki gen anpil moun nan Long Island lan. Se poutèt sa mwen te travay san pran souf – ansanm ak Senatè Gillibrand ak Gouvènè Hochul – pou sekirize reparasyon ijans enpòtan sou Fire Island rive nan Ocean Bay Park rive nan Davis Park. Mwen remèsye Kò Enjenyè Lame a, espesyalman Distri New York la, pou repons rapid yo ak apèl mwen an ak pou angajman yo pou kontinye ede. Kounye a ke fon federal la an sikilasyon, travay konsepsyon an pral kòmanse seryezman pou reyabilitasyon ijans yo kòmanse pi vit posib."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Mwen kontan dèske Kò Enjenyè Lame Etazini an te apwouve demann New York pou lajan federal pou abòde gwo domaj kominote lès Fire Island yo te sibi dènyèman. Retabli Kot Sid la nan Long Island se youn nan pi gwo priyorite mwen, epi mwen pral kontinye goumen pou ede jwenn asistans federal kominote yo bezwen an."

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te mande yon apwobasyon akselere demann Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la bay Kò Enjenyè Lame Ameriken an pou asistans reyabilitasyon ijans pou plizyè Pwojè Jesyon Risk Tanpèt Kotyè Kò Lame a nan zòn lès Fire Island nan Konte Suffolk. Pwojè sa a te andomaje pandan tanpèt Siklòn Lee ak Tanpèt Twopikal Ophelia nan mwa septanm pase a, epi pi resamman an desanm 2023. [Demann repete New York yo](#) te kòmanse yon pwosesis nan kad yon pwogram federal yo rele [PL 84-99](#), ki pèmèt Kò Lame a deplwaye gwo fon reparasyon gouvènman federal la pou repara pwojè ki domaje nan tanpèt yo detèmine pou yon evènman move tan.

Anons jodi a aprè detèminasyon janvyè Kò Enjenyè Lame Ameriken an ke dènye tanpèt kotyè ekstrèm yo bay premye kalifikasyon nan kad Lwa Piblik 84-99 la. Apwobasyon finansman jodi a pral deklanche efò pou etabli rezistans ak mezi reparasyon nan kominote lès Fire Island ki soti nan Ocean Bay Park nan lwès rive nan Cherry Grove, Fire Island Pines, ak Davis Park nan lès.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos, te deklare,** "Kominote kotyè Long Island yo pral benefisye dirèkteman detèminasyon Kò Enjenyè Lame Ameriken jodi a pandan Eta New York ap kontinye efò konplè li pou pwoteje kominote yo kont evènman metewolojik ekstrèm ki lakòz chanjman klimatik yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap travay ak patnè lokal, Eta ak federal nou yo, ki gen ladan Kò Lame a ak delegasyon Kongrè New York la, pou fè avanse rekiperasyon apre tanpèt ak prepare pou fiti move tan ak inondasyon ki lye ak klima

**Egzekitif Konte Suffolk la, Ed Romaine, te deklare,** "Se sèlman atravè patenarya ant tout nivo gouvènman nou ka adrese pwoblèm kritik sa a. Konte Suffolk rekonesan pou asistans ak sipò sa a nan kad efò nou pou pwoteje rivaj nou yo."

An janvye, [Gouvènè Hochul te anonse plis finansman eta](#) pou sipòte pwojè rezistans enpòtan pou estabilize kominote yo ak restore plaj ki afekte yo sou Rivaj Sid Long Island, ki gen ladan Fire Island ak Gilgo State Park ak vil Babylon. Eta New York ap fè patenarya ak Konte Suffolk tou, epi li te bay 3 milyon dola, pou sipòte yon pwojè pwovizwa sab ak gwo sak sab sou kominote lès Fire Island; efò pwovizwa sa a prèske fini.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)